**दिन—मंगलवार** **दिनांक—28.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ केन्द्रीय सुक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम मंत्री जीतनराम मांझी आइ पटनाक बिहटा स्थित नव निर्मित प्रौद्योगिकी केन्द्रक उद्‌घाटन कयलनि। एहि संग दरभंगा, मुजफ्फरपुर, मुंगेर आ रोहतास मे सेहो एकर एक्टेंशन सेंटरक शुभांरभ भेल। एहि अवसर पर सभा के संबोधित करैत मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे एहि प्रशिक्षण केन्द्रक माध्यम सँ युवा लोकनिक कौशल विकास होयत आ हुनका रोजगारक नव अवसर सेहो भेटत। ओतहि, केन्द्रीय मंत्री श्री मांझी अपन संबोधन मे पीएम विश्वकर्मा योजनाक प्रसंशा करैत कहलनि जे एहि सँ देशभरि मे छोट उद्यमी के विशेष प्रोत्साहन भेटि रहल अछि। एहि सँ ओ विकसित भारत बनेबा मे अपन भागीदारी सुनिश्चित कऽ सकताह।

---

विधान परिषदक भोजपुर— बक्सर स्थानीय प्राधिकार कोटाक एक सीट पर बारह मई के होबऽवला उपचुनाव लेल प्रचार काज तेज भऽ गेल अछि। काल्हि नाम वापसीक अंतिम दिन कोनो प्रत्याशी अपन नाम वापस नहि लेलनि। एकर बाद एनडीए दिस सँ जदयूक कन्हैया प्रसाद आ महागठबंधनक दिस सँ राजदक सोनु कुमार राय समेत सभ छओ उम्मीदवार चुनाव मैदान मे डटल छथि।

---

जदयूक युवा नेता आ पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक पुत्र निशांत कुमार तीन आ चारि मई के पश्चिम चंपारण सँ सद्‌भाव यात्रा करताह। जदयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा आइ पटना स्थित जदयू कार्यालय मे आयोजित प्रेसवार्ता मे जनौलनि जे हुनका संग पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता सम्मिलित हेताह।

---

केन्द्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान कहलनि अछि जे देशभरि मे कतहु एनसीईआरटीक पोथी सभक कमी नहि होबऽ देल जायत। श्री प्रधान आइ राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान आ प्रशिक्षण परिषद एनसीईआरटीक पाठ्य–पुस्तकक उपलब्धता, प्रकाशन आ वितरणक स्थितिक समीक्षा कयलनि। ओ राज्य प्रशासन आ वितरण एजेंसी सभ सँ एनसीईआरटीक पोथी के सभ स्थान पर विशेष कऽ ग्रामीण क्षेत्र मे ससमय उपलब्धता सुनिश्चित करबाक लेल कहलनि।

———————————————————————————

दरभंगा मे निर्माणाधीन विश्वस्तरीय रेलवे स्टेशनक निर्माण काज के दू हजार अठाईस धरि अवश्य पूरा कऽ लेल जायत। तीन सय पैंतीस करोड़ टाकाक लागति सँ बनि रहल एहि रेलवे स्टेशनक निर्माण काजक समीक्षाक क्रम मे स्थानीय सांसद गोपालजी ठाकुर अधिकारी लोकनि के विशेष निर्देश देलनि। ओ स्टेशनक काज के गुणवत्ताक संग ससमय पूरा करबाक बात कहलनि।

———————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभ के सक्रिय हेबाक कारण प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे मौसम मे विशेष बदलाव दर्ज कयल गेल अछि। एकर प्रभाव सँ पछिला किछु दिन सँ भीषण गर्मी आ लूक चपेट मे रहल राज्यक दक्षिणी भाग मे आइ कतेको ठाम तेज हवाक संग आंशिक बरखा दर्ज कयल गेल। एहि सँ तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि कमी आयल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक अधिकांश भाग मे अन्हर आ बरखाक संभावना बनल अछि। विभाग मधुबनी, किशनगंज, पटना, बेगूसराय, मुंगेर, भागलपुर, औरंगाबाद, गया समेत कतेको ठाम अन्हर–बिहाड़ि संग भारी बरखा हेबाक ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि क्रम मे ओलावृष्टि सेहो भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे जनगणनाक अंतर्गत स्वगणनाक काज सुचारू रूप सँ चलि रहल अछि। एखन धरि सत्ताईस लाख पचहत्तरि हजार सँ बेसी लोक स्वगणनाक प्रक्रिया मे सम्मिलित भेल छथि। मुख्य सचिव प्रत्यय अमृतक अध्यक्षता मे जनगणना के लऽकऽ भेल उच्च स्तरीय समीक्षा बैसार मे ई जनतब देल गेल। स्वगणनाक प्रक्रिया एक मई धरि चलत।

———————————————————————————

भागलपुर जिलाक सुल्तानगंज नगर परिषद कार्यालय मे किछु अपराधी आइ गोलीबारी कयलक। गोलीबारीक घटना मे कार्यपालक पदाधिकारी कृष्णाभूषण कुमारक मृत्यु भऽ गेलनि, जखनकि सभापति राजकुमार गुड्डूक स्थिति गंभीर बनल अछि। पुलिस मामिलाक छानबीन कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

इंडियन इन्क्लूसिव पार्टीक प्रमुख आ सहरसाक विधायक आईपी गुप्ता एक आपराधिक मामिला मे आइ शेखपुराक न्यायिक दण्डाधिकारीक सोझा उपस्थित भेलाह। न्यायिक दण्डाधिकारी हुनका दस–दस हजार टाकाक दू मुचलका पर जमानत दऽ देलनि।

पाडुलिपि सभ के सत्यापित आ स्वीकृत सर्वेक्षण मे मधुबनी जिला प्रदेश मे पहिल स्थान प्राप्त कयलक अछि।

———————————————————————————

.समाप्त